



Pou Piblikasyon Imedya: 04/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LAPOLIS ETA A KONTINYE OGMANTE SEZI ZAM NAN TOUT ETA A

*Lapolis Eta a rapòte yon ogmantasyon 104 pousan nan sezi zam an 2022 konpare ak menm peryòd la an 2021*

*Gen ladann gwo kout filè kont zam pa nouvo inite lapolis Eta a, 30 zam ilegal yo sezi ki gen ladann fizi daso ak zam fantom; plizyè sispè yo arete*

*Gouvènè Hochul te garanti 2.5 milyon dola nan bidjè Eta a pou 14 pòs pou Nouvo Inite Entèdiksyon kont Trafik Zam Lapolis Eta a*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Lapolis Eta a ap rapòte yon ogmantasyon 104 pousan nan sezi zam ane sa a, estatistik ranfòse pa yon ankèt ki dire yon mwa ki te lakòz rekiperasyon yon gwo kachèt zam afe ak arestasyon plizyè sispè ki te enplike nan yon rezo trafik zam. Se Inite Entèdiksyon Trafik Zam (Gun Trafficking Interdiction Unit, GTIU) Lapolis Eta a ki te mennen ankèt ki reyisi a. Gouvènè Hochul te sekirize 2.5 milyon dola pou finanse 14 pòs GTIU nan Bidjè Ane Fiskal 2023 apre kreyasyon inite a ete pase a. Ogmantasyon sibstansyèl sa a nan sezi zam se yon rezilta dirèk nan kalite envestisman estratejik sa yo pou sipòte inisyativ fòs lòd yo ki reprime zam afe ilegal yo.

"Nou kontinye fè pwogrè reyèl nan batay agresif nou kont vyolans ak zam ki te ravaje New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè sipò nou pou nouvo Inite Entèdiksyon Trafik Zam Lapolis Eta a, nou konsantre sou envestige ak mennen devan jistis moun k ap trafike zam nan eta a epi vann yo ilegalman bay lòt kriminel yo ki gen entansyon pase akote règleman sou zam eta a yo. Mwen te fyè dèske m te ede garanti 2.5 milyon dola nan finansman Bidjè Eta a pou inite espesyalize sa a pou sipòte travay enpòtan yo, e jodi a nou voye yon mesaj solid bay trafikan zam toupatou yo: nou pral rann yo responsab pou wòl yo genyen nan pote vyolans nan lari nou yo epi nou pral kontinye sezi zam ilegal yo."

**Sipè-entandan Lapolis Eta a, Kevin P. Bruen, te deklare,** "Mwen vle remèsye Gouvènè a pou sipò kontinyèl li. Nou angaje totalman pou ralanti fliks zam ilegal nan eta nou an, atravè angajman pwòp resous nou yo ak kolaborasyon ak patnè fòs lòd yo nan tout nivo."

Nan fen ane pase a, GTIU Polis Eta a te kòmanse premye ankèt li sou yon rezo trafik zam k ap opere nan plizyè jiridiksyon. Ankèt ki dire plizyè mwa te lakòz ekzekisyon manda pèkizasyon nan plizyè kote nan plizyè konte. An jeneral, ka a te lakòz sezi 30 zam, ki gen ladan sis fizi daso, sèt chajè ki gen gwo kapasite, douz pistolè zam fantom ak plizyè pyès zam fantom. Yo deja arete plizyè moun. Gen plis enfòmasyon yo kenbe nan moman sa a akòz pouswit jidisyè ki an atant.

GTIU Polis Eta a te kreye ete pase a pou vize trafik zam ilegal nan New York, epi li mennen ankèt konplèks, alontèm ki konsantre sou diminye sous rezèv la. Objektif GTIU a, ansanm ak lòt ajans fòs lòd yo k ap fè patenarya nan ankèt yo, se diminye posesyon zam ilegal ak krim vyolan ki souvan swiv yo.

Jiskaprezan ane sa a, Lapolis Eta te sezi 795 zam, yon ogmantasyon 104 pousan konpare ak 389 zam yo te sezi nan menm peryòd la ane pase a. An jeneral, tout ajans fòs lòd yo te rapòte 3,166 sezi zam nan eta a konpare ak 2,181 pandan menm peryòd ane pase a, yon ogmantasyon 45 pousan.

GTIU Polis Eta a se youn nan plizyè inisyativ Gouvènè Hochul sipòte pou atake yon fason agresif epidemi vyolans ak zam lan nan Eta New York. Sa a gen ladan Gwoup Travay Ant Plizyè Eta sou Zam Ilegal yo, yon inisyativ inik nan nasyon an ki rasanble reprezantan lapolis ki soti nan Connecticut, Maine, Massachusetts, New Hampshire, New Jersey, Pennsylvania, Vermont, Quebec, ansanm ak Biwo Alkòl, Tabak, Zam A Fe ak Eksplozif (Bureau of Alcohol, Tobacco, Firearms, and Explosives, ATF) ak Depatman Lapolis Vil New York, pou pataje entelijans, estrateji ak taktik ki gen rapò ak ankèt sou trafik zam.

Bidjè Eta a pou Ane Fiskal 2023 a gen ladan 227 milyon dola pou finanse inisyativ odasye ki pral ranfòse efò prevansyon vyolans ak zam lapolis ak òganizasyon kominotè yo. Sa gen ladan 13.1 milyon dola pou agrandi itilizasyon Inite Estabilizasyon Kominotè (Community Stabilization Units) yo, 18 milyon dola nan sipò dirèk bay lapolis lokal yo pou prevansyon vyolans ak zam, 20 milyon dola pou reponn ak bezwen rejyonal apre vyolans ak zam yo, ak 3 milyon dola pou Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam lan.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)